**Community Health and Wellness Center of Miami, Inc. (Anglè, Espanyòl ak Kreyòl)**

759 N.W. 22nd Ave., Suite 202, Miami, FL 33125

305-541-5245

Lendi, Madi, epi Jedi, 8 a.m. pou 5 p.m.; Mèkredi, 8 a.m. pou 7 p.m.; Vandredi, 8 a.m. pou 8 p.m.

*Gen konseye ak pwogram ki disponib pou bay sipò emosyonèl, enfòmasyon ak konsèy sou kesyon entè-pèsonèl (san wete sou vyolans domestik). Nan patenarya avèk FarmShare, ekip yo bay sachè pwovizyon alimantè nitritif chak lendi apati 2 pou 6 p.m.*

**Community Outreach Resource Center/Depo Alimantè – Florida City (Anglè ak Espanyòl (limite))**

824 West Palm Dr., Florida City, FL 33034

305-246-0460, Madi ak Jedi, 2 pou 4 p.m.

*Li bay moun ki nan bezwen yo pwodui alimantè. Yo bay sèvis yo lè madi ak jedi (chak jou pou moun ki nan sitiyoasyon detrès depase limit). Li nesèsè pou gen yon rekòmandasyon alekri Switchboard of Miami voye, ki gen non moun nan, adrès li, kantite moun ki nan fanmi li, ak rezon ijans lan. Referans lan dwe ekri sou pape antèt Switchboard of Miami an, epi landan li dwe gen enfòmasyon pou kontakte ajans lan, epi siyati.*

**Community Outreach Resource Center/Depo Alimantè – Homestead (Anglè, Espanyòl ak Kreyòl)**

29 N.W. Seventh St., Homestead, FL 33030

305-246-0460

Lè lendi, mèkredi, ak vandredi, 11 a.m. pou 3 p.m.

*Li bay moun ki nan bezwen yo pwodui alimantè. Yo bay sèvis yo lè lendi, mèkredi ak vandredi (chak jou pou moun ki nan sitiyoasyon detrès depase limit). Yon rekòmandasyon alekri Switchboard of Miami voye, ki gen non moun nan, adrès li, kantite moun ki nan fanmi li, ak rezon ijans lan. Referans lan dwe ekri sou pape antèt Switchboard of Miami an, epi landan li dwe gen enfòmasyon pou kontakte ajans lan, epi siyati.*

**Curley's House of Style Inc./Hope Food Bank (Anglè ak Espanyòl (limite))**

6025 N.W. Sixth Ct., Miami, FL 33127

305-759-9805

Madi rive vandredi, 10 a.m. pou 3 p.m.

*Chak semèn, Curley bay anviwon 1,000 kliyan pwodui alimantè an vrak. Pami sèvis anplis yo gen: feyè enfòmasyon sou dyabèt, tansyon wo, ak posibilite pou travay; epi seminè edikatif ak seminè sou alfabetizasyon finansye. Yo bay bwat pwodui alimantè yon (1) fwa pa mwa epi pou chak moun. Li pèmèt piblik la gen aksè nan pen ak bagay dous lè lendi, mèkredi ak vandredi.*

**Daily Bread Food Bank Reclamation Center**

1363 N.W. 155th Dr., Miami, FL 33169

305-474-8805

**Pwogram Manje Pataj Jaden (Farm Share Food Program) (Anglè ak Espanyòl)**

14125 S.W. 320th St., Homestead, FL 33033

305-246-3276

*www.farmshare.org Misyon Farm Share se diminye kesyon grangou ak malnitrisyon an, lè yo kolekte epi distribiye aliman nitritif ki fre pou moun ki plis bezwen yo. Ale sou sit entènèt la pou jwenn pwogram sèvis aktyèl yo.*

**Food for Life Network – Depo Alimantè (Anglè, Espanyòl ak Kreyòl)**

3510 Biscayne Blvd., Suite 209, Miami, FL 33137  
305-576-3663

Lendi rive vandredi, 9 a.m. pou 4:30 p.m.

*Yo bay sèvis depo alimantè pou kliyan ki vin chèche nan etablisman an, yon (1) fwa pa semèn. Epitou, yo bay konsèy nitrisyonèl ak sèvis oryantasyon medikal epi sikolojik. Pou resevwa sèvis sa yo, yon moun dwe fè dyagnostik ki montre li gen VIH/SIDA oswa li dwe nan nivo oswa pi ba nivo povrete a.*

**Haitian Emmanuel Baptist Church (Anglè, Espanyòl ak Kreyòl)**

7321 N.E. Second Ave., Miami, FL 33138  
305-757-7515

Lè jedi, Midi

**Harvest Fire Worship Center**

2260 N.W. 183rd St., Miami, FL 33056  
305-620-2986

Chak de (2) samdi, 7 è pou 9 a.m.

**Homestead Soup Kitchen (Anglè ak Espanyòl)**

105 S.W. Third Ave., Homestead, FL 33030

Lè lendi, mèkredi, ak vandredi, midi pou 1:30 p.m.

*Se sèlman benevòl ki genyen nan ajans lan, epi yo sèvi anviwon 300 manje midi cho pou tout moun ki grangou.*

**Holy Comforter Episcopal Church**

150 S.W. 13th Ave., Miami, FL 33135  
305-643-2711 7

**Iglesia Adventista del Septimo Dia Los Peregrinos (Espanyòl)**

110 Eucalyptus Dr., Hialeah, FL 33010

786-354-5189, Samdi, 11 a.m. pou 2 p.m.

*Li bay fanmi ki nan bezwen yo aliman an ijans. Jewish Community Services and Kosher Food Bank 305-947-8093, Lendi pou Vandredi, 8 a.m. pou 4 p.m. (randevou obligatwa). Yo bay repa pou granmoun, fanmi ak sivivan Olokos yo, ansanm ak sèvis livrezon repa pou granmoun ki oblije rete lakay yo.*

**Maranatha Seventh Day Adventist Church (Anglè)**

18900 N.W. 32nd Ave., Miami Gardens, FL 33055  
305-620-9091

*Chak premye ak twazyèm mèkredi nan mwa a, a 9:30 a.m. Li bay fanmi ki nan bezwen yo panye alimantè dijans.*

**MBCS – Food Boxes (Anglè ak Espanyòl)**

2490 N.W. 35th St., Miami, FL 33142  
305-638-2283, Dimanch, 6:30 p.m.

*Li bay fanmi ki pa gen anpil revni nan Miami Jackson Senior High School yo bwat alimantè. Epiyou, li bay rad ak soulye pou granmoun ak timoun yo selon disponiblite a.*

**Miami-Dade County Community Action and Human Services (Anglè, Espanyòl ak Kreyòl)**

Lendi rive vandredi, 8 a.m. pou 5 p.m.

*Li bay èd pou moun ki ap fè fas ak yon sitiyasyon kriz yon sèl fwa ki anpeche yo peye fakti sèvis piblik yo, lwaye yo, ipotèk yo oswa ki anpeche yo jwenn manje yo bezwen. Epiyou, pwogram nan bay èd pou abri tanporè sou yon baz ki limite. Kliyan an dwe kapab bay dokiman pou jistifye kriz la epi montre li kapab jere depans li yo aprè li fin resevwa èd dijans.*

*Kliyan an dwe bay yon pyès idantifikasyon ki gen foto, yon prèv konsènan revni li yo, epi yon dokiman ki pwouve bezwen/kriz li a.*

**Accion Community Resource Center – Aliman ak Abri an Ijans**

970 S.W. First St., 3rd and 4th Floors, Miami, FL 33128

305-545-2224 oswa 305-547-4892

**Coconut Grove Community Resource Center – Aliman ak Abri an Ijans**

3750 S. Dixie Highway, Miami, FL 33133

305-446-3311

**Culmer Community Resource Center – Aliman ak Abri an Ijans**

1600 N.W. Third Ave., Miami, FL 33136

305-438-4161

**Edison Community Resource Center – Aliman ak Abri an Ijans**

150 N.W. 79th St., Miami, FL 33150

305-758-9662

**Florida City Community Resource Center – Aliman ak Abri an Ijans**

1600 N.W. Sixth Ct., Florida City, FL 33034

305-247-2068

**Joseph Caleb Community Resource Center – Aliman ak Abri an Ijans**

2301 N.W. 54th St., Miami, FL 33142

305-636-2200 oswa 305-636-2296

**Hialeah Community Resource Center – Aliman ak Abri an Ijans**

300 East First Ave., Hialeah, FL 33010

305-884-4801

**Rev. Dr. Edward T. Graham Community Resource Center**

16405 N.W. 25th Ave., Miami Gardens, FL 33054

305-623-6500

**Naranja Community Resource Center**  
13955 S.W. 264th St., Naranja, FL 33032  
305-258-5471

**Perrine Community Resource Center**  
17801 Homestead Ave., Miami, FL 33157  
305-254-5804

**South Beach Community Resource Center**  
833 Sixth St., Miami Beach, FL 33139  
305-672-1705

**South Dade Skills Center**  
28300 S.W. 152nd Ave., Homestead, FL 33033  
305-247-7839

**Wynwood Community Resource Center**  
2905 N.W. Second Ave., Miami, FL 33127  
305-547-7661

**Miami Gardens Depo Alimantè**  
18041 N.W. 22nd Ave., Miami Gardens, FL 33056  
305-610-4004

**Miami Rescue Mission (Anglè ak Espanyòl)**  
2020 N.W. First Ave., Miami, FL 33127  
305-571-2211

*Yo sèvi repa lè lendi, mèkredi, vandredi, ak samdi a 3 p.m. Gen douch (pou gason sèlman) lè lendi, mèkredi, vandredi, epi samdi a 3 p.m.*

**Ministerio International**  
16300 S.W. 137th Ave., Miami, FL 33177  
305-255-4407

**Ministerios Nueva Vision**  
14881 S.W. 288th St., Homestead, FL 33033  
305-688-5162

**Missionaries of Charity – Mother Teres Home for Women in Distress (Anglè ak Espanyòl)**  
724 N.W. 17th St., Miami, FL 33136  
305-545-5699

**Soup Popilè**  
*Li ouvri chak jou soti 9:30 pou 11 a.m., eksepsyon lè jedi. Li bayabri lannuit dijans pou fi ak timoun (epi pou tigason ki poko gen 4 lane). Yo bay dine ak manje maten, ansanm ak rad epi atik pou twalèt an ijans. Gen soup popilè ki disponib pou gason. Epiou, li bay fanmi ki nan bezwen yo manje ak rad. Sè yo prale lakay fanmi yo, evalye bezwen yo epi bay aliman ki seche. Abri dijans yo la sèlman pou fi, timoun ak tigason ki gen 4 lane oswa pi piti. Pa kapab aksepte moun ki gen pwoblèm dwòg/alkòl oswa sante mantal.*

**Mother Teresa Missionaries of Charity**

724 N.W. 17th St., Miami, FL 33136  
305-545-5699

**Mount Calvary Baptist Church**

1140 N.W. 62nd St., Miami, FL 33150  
305-759-8226

*Gen pwodui alimantè ki disponib katriyèm mèkredi nan chak mwa soti 7 rive 9 a.m. (oswa jiskaske pwodui alimantè yo fini). Apre kliyan yo fin resevwa manje, yo kapab vizite espas kote ki gen rad yo. Pafwa, gen atik pou tibebe, tankou rad, soulye ak pousèt ki disponib. Dwe vini alavans pou resevwa pwodui alimantè yo.*

**New Evangelical Missionary Church of God**

450 N.W. 82nd St., Miami, FL 33150  
305-588-4904

**New Hope Assembly of God Church (Anglè ak Espanyòl)**

29351 S.W. 169th Ave., Homestead, FL 33030  
786-487-4536

*Lè mèkredi, 10 a.m. pou 4 p.m. (tanpri, rele anvan ou vini); Lè samdi, 12:30 p.m. (tanpri, rele anvan ou vini). Li fonksyone tankou yon bank pou pwodui alimantè dijans, epi li bay swen/konsèy espirityèl.*

**Open Arms – Pwogram Èd Dijans (Emergency Assistance Program) (Anglè ak Espanyòl)**

5556 S.W. Eighth St., Coral Gables, FL 33134  
305-263-3259

*Chak dezyèm ak katriyèm jedi nan mwa a, a 9 a.m.; nan dezyèm jedi nan chak mwa, li fè distribisyon pwodui alimantè nan bwat konsèv ak pwodui ki fre; epi nan katriyèm jedi nan chak mwa, li fè distribisyon pwodui alimantè nan bwat konsèv sèlman.*

**Pass It on Ministries (Anglè ak Espanyòl)**

14617 N.W. Seventh Ave. Miami, FL 33168  
305-681-1594

*Soti lendi rive vandredi, 10 a.m. pou 3 p.m. Li bay manje ak rad pou ijans, epitou, li travay an rezo avèk lòt ajans yo pou ede nan rezoud pwoblèm endividyèl kliyan yo. Yo bay èd nan ka ijans yon (1) fwa pa ane. Si kliyan an gentan resevwa èd yo ap ba li yon (1) sèl fwa chak ane a, li dwe bay prèv li twouve li nan yon sitiyasyon kriz depase limit, pou li resevwa yon èd anplis (ki ap yon pake ki gen pen ak pwodui patisri).*

**Saint Joseph Patron of Universal Church (Anglè ak Espanyòl)**

8670 Byron Ave., Miami Beach, FL 33141  
305-866-6567

*Orè pou Gadmanje: Samdi, 9 a.m. (tanpri, rele anvan); Yo ap distribiye manje a selon prensip premye rive, premye sèvi a, epi manje a ap disponib jiskaske li fini pou jounen an.*

**Salvation Army – Depo Alimantè Kominotè (Anglè, Espanyòl ak Kreyòl)**

1907 N.W. 38th St., Miami, FL 33142  
305-637-6720

*Soti lendi rive jedi, 8:30 a.m., Community Pantry bay pwodui alimantè chak jou soti lendi rive jedi a 8:30 a.m. pou premye 25 moun yo, selon prensip premye rive premye sèvi a.*

**Shalom Community UMC**

900 N.E. 132nd St., North Miami, FL 33161  
305-892-9204

**St. Andrews Episcopal Church**

14260 Old Cutler Rd., Palmetto Bay, FL 33158  
305-238-2161

**Temple Beth Sholom – Depo Alimantè (Anglè ak Ebre)**

4144 Chase Ave., Miami Beach, FL 33140  
305-538-7231

*Premye madi nan chak mwa, soti 4 è pou rive 4:30 p.m. Li bay kat kado Publix pou tout moun nan kominote a ki bezwen pwodui alimantè, selon prensip premye rive, premye sèvi a.*

**The True Deliverance Church of Christ**

18300 S.W. 109th Ave., Miami, FL 33157  
305-254-2163

*Sèvis Alimantè: Madi ak jedi, 11 a.m. pou 1 p.m.; gen pwodui alimantè ak atik nan pri redui, tankou atik menajè, rad, daypè, savon, dewodoran, elatriye, ki disponib.*

**Meals on Wheels**

786-469-4707

*Chak semèn, patisipan ki kalifye yo resevwa sèt (7) repa konjele lakay yo, ansanm ak fwi ki fre, lèt ak lòt atik alimantè. Livrezon repa yo fèt ant 8 a.m. ak 5 p.m. nan jou semèn. Benefisyè yo dwe gen omwen 60 lane, yo dwe gen yon andikap oswa oblije rete lakay yo. Moun ki poko gen 60 lane epi ki gen andikap, ki ap viv avèk yon benefisyè ki kalifye epi konte sou lòt moun pou swen yo kapab resevwa repa tou. Mari/Madanm yo kalifye san okenn restriksyon laj oswa kondisyon medikal. Rele nan 786-469-4707 pou detèmine kalifikasyon.*

**Miami-Dade County Community Action and Human Services - Repa pou Granmoun nan Overtown Transit Village North**

701 N.W. First Ct. Miami, FL 33136  
786-469-4600

Lendi rive vandredi, 8 a.m. pou 2 p.m.

*Gen 19 lokal ki ofri repa pou granmoun yo. Patisipan ki kalifye yo resevwa yon seri repa cho epi ki ekilibre sou plan nitrisyonèl chak jou, edikasyon nitritif, konsèy, transpò ak yon pakèt varyete aktivite edikatif, kiltirèl, aktivite rekreyatif ak sèvis sante epi byennèt. Yo sèvi repa gratis lendi rive vandredi, soti 8 a.m. pou 2 p.m. Benefisyè yo pa dwe oblije rete lakay yo. Mari/Madanm yo kalifye san okenn restriksyon laj oswa kondisyon medikal. Pou plis enfòmasyon, rele nan lokal ki pi pre lakay ou a (gade lis la anba a):*

**Charles Hadley/Carrie Meek Senior Center**

1300 N.W. 50th Street, Miami, FL 33142  
305-634-5791

**Covenant Palms Ward Tower II**

5301 N.W. 23<sup>rd</sup> Ave., Miami, FL 33142 305-514-6000

**Culmer/Overtown**

1600 NW 3rd Ave., Miami, FL 33136  
305-571-7232

**Deedco Gardens**

105 S.E. 12th Ave., Homestead, FL 33033  
305-242-7671

**Florida City/Homestead**

1600 N.W. Sixth Ct., Florida City, FL 33034  
305-242-7650

**Goulds (Isaac A. Withers)**

11350 S.W. 216<sup>th</sup> St., Goulds, FL 33177  
305-255-2399

**Haitian American Senior Center (Soar Park)**

100 N.W. 83rd St., Miami, FL 33150  
305-756-4179 oswa 305-756-2833

**Ives Dairy-Col. Harry Zubkoff**

55 N.W. 199th St., Miami, FL 33169  
305-770-3137 oswa 305-903-2609

**Jack Orr**

550 N.W. Fifth St, Miami, FL 33128  
305-579-2616

**Leonard Batz Center**

150 N.E. 69th St., Miami, FL 33138  
305-903-2609

**Miami Gardens**

16405 N.W. 25th Ave., Miami Gardens, FL 33054  
305-628-4354

**Mildred and Claude Pepper Towers**

2350 N.W. 54th St., Miami, FL 33142  
305-903-2609

**Naranja Center**

13955 S.W. 264th St., Miami, FL 33032  
305-257-0986

**Perrine**

17801 Homestead Ave., Perrine, FL 33157  
305-234-4986

**Peter Plaza**

191 N.E. 75th St., Miami, FL 33138  
305-309-2609

**Pinewoods Villa**

8420 S.W. 188th Terr., Miami, FL 33157  
Miami 305-235-8269

**Richmond Heights**

14638 Lincoln Blvd., Miami, FL 33176  
305-232-5536

**South Miami**

6701 S.W. 62nd Ave., South Miami, FL 33143  
305-669-0712

**Stirrup Plaza**

3150 Mundy St., Miami, FL 33133  
305-441-9045

**NANAY (National Alliance to Nurture the Aged and the Youth)**

659 N.E. 125th St., North Miami, FL 33161  
305-981-3232

Lendi rive vandredi, 9 a.m. pou 5 p.m.

*Li bay sipò ak konsèy sikolojik, sosyal, sante, ak emosyonèl pou jèn ak granmoun ki gen laj 60+. Enskripsyon obligatwa.*

## Ensekirite Sèvis Piblik

### Jwenn Founisè Pwogram Èd pou Enèji nan Kay pou Revni Fèb nan Lokal ou a, pou Èd

Sonje paj sa a: [www.FloridaJobs.org/LIHEAPHelp](http://www.FloridaJobs.org/LIHEAPHelp)

Pou w jwenn èd nan kad Pwogram Èd pou Enèji Nan Kay ki pa Gen Anpil Revni yo (Low-Income Home Energy Assistance Program), ou kapab fè demann anliy anba a, oswa ou kapab chèche èd nan men ajans ki ap sèvi konte kote ou ap viv la. W ap jwenn lis pou demann anliy yo anba a selon konte a, oswa ou kapab kontakte ajans lokal ou a dirèkteman pa mwayen sit entènèt li a oswa nimewo telefòn li pou plis enfòmasyon.

Si founisè lokal ou a pa gen yon lyen ki disponib pou demann anliy, tanpri, kontakte ajans lokal la dirèkteman pou jwenn enfòmasyon sou fason pou aplike.

- Telefòn Miami-Dade: 786-469-4640  
<https://www.miamidade.gov/socialservices/library/liheap-application-eng.pdf>

### Jwenn èd pou peye fakti sèvis piblik

Yo te vin ak **Florida Power & Light (FPL) Pwogram Swen pou Pataje (Care to Share Program)** nan pou bay kliyan nan Konte Miami-Dade ki ap fè fas ak pwoblèm yo èd finansyè dijans. Fwaye yo gen revni fèb epi yo nan gwo danje pou yo kanpe sèvis fwaye sa yo ap resevwa, epi yo pa kapab fè pèman yo akòz difikilte yo genyen oswa yo manke fon. Yo fè tès pou aplikan yo pou kapab trete yo nan Sant Resous Kominotè yo. Aplikan ki kalifye yo kapab resevwa èd yon (1) sèl fwa nan espas yon peryòd 12 mwa, jiska \$500. Èd la baze sou disponiblite fon yo.

Disponib nan: Tout Sant Resous Kominotè yo.

Pwogram sa a bay **Èd pou Enèji nan fwaye ki pa gen anpil revni, ki gen omwen yon (1) moun ki gen 60 lane epi ki pi gran**, pandan yon ijans pou enèji nan kay. Yon ijans pou enèji nan kay kapab lakoz vin gen fakti sèvis piblik ki pa peye oswa lakoz ou resevwa yon avi pou dekoneksyon. Si Sant Resous Kominote lokal ou a pa bay kalite sèvis sa a, tanpri, chèche jwenn enfòmasyon sou Pwogram Asistans Enèji Pou Kay Revni Ba (Low Income Home Energy Assistance Program, LIHEAP) oswa Pwogram Care to Share la. **Note sa:** Yo te sispann èd la yon fason tanporè jiskaske gen fon siplemantè ki disponib.

### Kalifikasyon ak Egzijans

- Dwe rezide nan Konte Miami-Dade
- Dwe se sitwayen Ameriken oswa gen estati rezidan pèmanan legal.
- Lisans Chofè Eta Florida aktyèl oswa pyès idantifikasyon ki gen foto pou tout granmoun nan kay la ki gen 18 lane epi ki pi gran

- Kat sekirite sosyal pou tout moun nan fwaye a
- Prèv revni pou 30 dènye jou yo
- Enprime avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè a (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) (si sa aplikab)
- Sètifika nesans pou timoun ki gen 5 lane oswa ki pi piti
- Dènye avi pou fakti sèvis piblik aktyèl, oswa avi pou dèt ou dwe yon founisè elektrisite, oswa avi pou dekonekte
- Si w resevwa Seksyon 8 oswa lojman piblik, pote yon kopi fòm 50059 ou a ki montre sibvansyon/alokasyon sèvis piblik aktyèl ou a.
- Avi siyen konsènan koleksyon nimewo Sekirite Sosyal (Telechaje avi a nan lang [Anglè](#) oswa [Espanyòl](#))
- Renonsyasyon Depatman Opòtinite Ekonomik (Department of Economic Opportunity, DEO) siyen pou pibliye enfòmasyon jeneral oswa konfidansyèl (Telechaje [renonsyasyon](#))
- Prèv revni pou tout moun nan kay la pou 30 jou ki pase yo, san wete, men, san se pa sa sèlman:
  - Deklarasyon Avantaj pou Andikap ak/oswa Revni Sekirite Siplemanntè (Supplemental Security Income, SSI) pou ane aktyèl
  - Deklarasyon avantaj Sekirite Sosyal pou ane aktyèl
  - Fich pèman youn apre lòt (4 fich pèman pa wikenn epi 2 fich pèman pa mwa/chak de (2) semèn)
  - Papyè antèt antrepriz la ki gen dat kòmanse, nivo pèman, frekans pèman yo ak mwayèn èdtan travay chak semèn.
  - Deklarasyon pou Detèminasyon Salè pou Chomaj aktyèl
  - Enpresyon pansyon aktyèl
  - Enpresyon Verifikasyon Sipò Timoun aktyèl
  - Enpresyon Verifikasyon Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Family, TANF)
  - Avantaj pou veteran aktyèl
  - Avantaj Konpansasyon Travayè aktyèl
  - Lèt notorye ki sètifye montan an dola pou kantite ak frekans èd, si yon moun te ede ou (ajoute dokiman konsènan revni tankou fich pèman pou moun ki te ede w la)

**Note sa:** Si sa nesèsè, yo kapab mande dokiman anplis pandan yo ap egzamine demann ou an yon fason pou detèmine kalifikasyon ou, oswa eksplike si revni aktyèl ou sifi pou konble depans fwaye.

Revni brit pou tout moun nan fwaye a pa dwe depase 150 pousan nivo povrete federal aktyèl la.

- 1 manm nan fwaye a: \$25,296
- 2 manm nan fwaye a: \$33,079
- 3 manm nan fwaye a: \$40,863
- 4 manm nan fwaye a: \$48,646
- 5 manm nan fwaye a: \$56,430
- 6 manm nan fwaye a: \$64,213
- 7 manm nan fwaye a: \$65,672
- 8 manm nan fwaye a: \$67,132

- 9 manm nan fwaye a: \$73,800
- Pou chak manm anplis nan fwaye ki gen plis pase 9 moun yo, ajoute \$6,810

**Remak Enpòtan:** Fwaye ki gen revni ki depase 150% nivo povrete a; sepandan, yo kapab konsidere aplikan an oswa nenpòt moun nan fwaye a ki ap resevwa Èd Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (TANF), Revni Sekirite Siplemanntè (SSI) oswa Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (SNAP) a, antanke moun ki “kalifye kategorikman”, epi yo vin kalifye otomatikman antanke moun ki gen revni pou resevwa èd nan Pwogram Asistans Enèji Pou Kay Revni Ba (LIHEAP) la.

Gen de (2) kategori èd. Telechaje lis kontwòl la an [Anglè](#), [Èspanyòl](#) oswa [Kreyòl](#)

## **Pwogram Èd pou Dlo nan Fwaye ki Gen Revni Fèb (LIHWAP)**

***Pwogram Èd pou Dlo nan Fwaye ki Gen Revni Fèb (LIHWAP)*** la se yon pwogram ki jwenn finansman nan nivo federal, epi ki bay fwaye ki gen revni fèb yo èd pou dlo. Konte Miami-Dade itilize (LIHWAP) pou ede rezidan ki kalifye yo peye fakti dlo yo.

(LIHWAP) bay rezidan nan Konte Miami-Dade ki kalifye epi ki ap rankontre difikilte pou peye fakti dlo yo akòz epidemi an, èd pou yo peye fakti dlo nan moman kriz. Fwaye ki kalifye yo kapab resevwa jiska \$1,000 sou yon peryòd 12 mwa.

Si yo koupe dlo ou a oswa gen risk pou yo koupe li, ou dwe ale nan yon Sant Resous Kominotè. Nou ankouraje moun pran randevou, men nou aksepte moun ki vini san randevou.

## **Kalifikasyon ak Egzijans**

- Dwe rezide nan Konte Miami-Dade
- Dwe se sitwayen Ameriken oswa gen estati rezidan pèmanan legal.
- Lisans Chofè Eta Florida aktyèl oswa pyès idantifikasyon ki gen foto pou tout granmoun nan kay la ki gen 18 lane epi ki pi gran
- Kat sekirite sosyal pou tout moun nan fwaye a
- Prèv revni pou 30 dènye jou yo
- Enprime avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè a (SNAP) (si sa aplikab)
- Sètifika nesans pou timoun ki gen 5 lane oswa ki pi piti
- Dènye avi pou fakti sèvis piblik aktyèl, oswa avi pou dèt ou dwe yon founisè elektrikite, oswa avi pou dekonekte
- Si w resevwa Seksyon 8 oswa lojman piblik, pote yon kopi fòm 50059 ou a ki montre sibvansyon/alokasyon sèvis piblik aktyèl ou a.
- Avi siyen konsènan koleksyon nimewo Sekirite Sosyal (Telechaje avi a nan lang [Anglè](#) oswa [Èspanyòl](#))
- Renonsyasyon DEO siyen pou bibliye enfòmasyon jeneral oswa konfidansyèl (Telechaje [renonsyasyon](#))
- Prèv revni pou tout moun nan kay la pou 30 jou ki pase yo, san wete, men, san se pa sa sèlman:
  - Deklarasyon Avantaj pou Andikap ak/oswa SSI pou ane aktyèl
  - Deklarasyon avantaj Sekirite Sosyal pou ane aktyèl

## Ensekirite nan Sèvis Transpò



**DEPATMAN TRANSPÒ AK TRAVO PIBLIK  
(DEPARTMENT OF TRANSPORTATION AND PUBLIC WORKS, DTPW)**

**Para Información en Español name al (786) 469-5000  
Pou enfòmasyon an Creole rele (786) 469-5000**

Chè Aplikan

Yo te prepare dosye sa a epi voye li pou ou kòm repons pou demann aplikasyon ou te fè nan Sèvis Transpò ak Travo Piblik Miami Dade la (Department of Transportation and Public Works, DTPW), Divizyon Administrasyon Transpò ki Adapte a (Paratransit Administration Division), Sèvis Transpò Espesyal la (Special Transportation Service, STS). Nou ajoute yon fòm demann pou ou. **Tanpri, byen li dokiman ki nan atachman an anvan ou eseye ranpli demann lan.** Nou ap kenbe enfòmasyon konsènan andikap ou bay nan demann sa a konplètman konfidansyèl.

Gen kopi nan fòm sa a ki disponib nan fòm ki aksesib, si w mande sa. Si w gen kesyon oswa ou bezwen èd pou ranpli fòm sa a, tanpri, kontakte Biwo Sèvis Kliyantèl Transpò ki Adapte nou an nan: (786),469 5000 oswa voye imèl pou nou nan: [paratransit@miamidade.gov](mailto:paratransit@miamidade.gov)

**\*\*\*Sèvis Relè Florida (TTY) -1(800) 955-8771 oswa 711\*\*\***

**Sou baz Lwa 1990 pou Ameriken ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act, ADA), Paratransit Service Provisions**, STS bay sèvis transpò pataje pou moun ki gen andikap epi ki pa kapab itilize Metrobus, Metrorail oswa Metromover poukont yo. Se kapab paske li pa posib pou yo ale nan arè bis yo epi pou yo retounen, li pa posib pou yo monte nan bis la oswa pou yo desann, oswa paske li pa posib pou yo konprann (akoz yon andikap mantal oswa andikap devlopmanal), fason pou yo kondui epi itilize sèvis transpò ki gen itinerè fiks yo.

Pou evalye kalifikasyon ou pou sèvis sa a, tanpri, ranpli fòm demann sa a fason ki pi klè posib la. Li enpòtan pou w ranpli tout seksyon ki nan aplikasyon an. Nou p ap aksepte fòm nan, si w kite nenpòt seksyon san ranpli.

Objektif DTPW se kontinye bay sèvis transpò moun kapab fè konfyans epi ki aksesib. Tout bis nan Konte Miami-Dade yo gen asansè, ranp ak posibilite pou bese pati avan an, sa ki fè li pi fasil pou monte nan bis la. Operatè bis yo anonse pwen transfè yo, yo deziyen pwen enterè yo, ak nimewo itinerè yo. Gen plas priyoritè pou moun ki gen andikap chita, epi, yo prevwa pou granmoun yo chita pa devan nan chak bis. Tout estasyon Metrorail ak Metromover yo gen eskalye woulant ak asansè, epi toulede sèvis sa yo pwopoze plas priyoritè pou chita tou. DTPW ofri piblik la lòt sèvis gratis oswa nan tarif redui, san wete pèmi nan tarif redui, kat chak mwa ak kat rediksyon, ansanm ak paspò dore epi patwiyotik.

**Chwazi youn (1) nan sa ki vin apre  
yo pou voye aplikasyon STS ki ranpli a**

- Faks: 786-469-5033
- Imèl: [paratransit@miamidade.gov](mailto:paratransit@miamidade.gov)
- Kourye US: 701 NW 1<sup>st</sup> Court, Suite 131
- Miami, Florida 33136

## **ENSTRIKSYON:**

Aplikasyon an oswa yon moun ki ap ede li dwe ranpli Pati I ak II aplikasyon an. Yon doktè ki gen lisans nan Florida dwe ranpli epi siyen VERIFIKASYON MEDIKAL la - PATI III.

### **Ou kapab chwazi youn (1) nan sa ki vin apre yo pou voye aplikasyon STS ki ranpli a**

- Faks: 786-469-5033
- Imèl: [paratransit@miamidade.gov](mailto:paratransit@miamidade.gov)
- Kourye US: 701 NW 1<sup>st</sup> Court, Suite 131
- Miami, Florida 33136

Yo rekòmande pou w chèche jwenn yon dokiman medikal sible nan men reprezantan medikal ou a, ki kapab jistifye kondisyon medikal yo epi bay yon apèsi konsènan kapasite oswa limit fonksyonèl ou, lè ou itilize sistèm transpò ki gen itinerè fiks la. Si w pa ajoute dokiman medikal la nan demann lan, nou kapab mande reprezantan medikal ou a ban nou lòt dokiman anvan nou pran yon desizyon.

Inite Sètifikasyon STS la ap bay yon desizyon nan espas 21 jou nan kourye lapòs. Si w pa pran nou nan espas 21 jou, tanpri, rele Biwo Sèvis Kliyantèl nou an nan 786-469-5000. Li kapab obligatwa pou bay dokiman medikal anplis pou detèmine kalifikasyon an.

**Ou dwe reponn tout kesyon yo. Nou p ap aksepte aplikasyon ki pa konplè epi/oswa ki pa siyen yo, epi yo kapab lakoz gen reta nan detèminasyon kalifikasyon ou an.**

## **VERIFIKASYON MEDIKAL:** *(pou yon doktè nan Florida ki gen lisans ranpli)*

ADA egzije pou tout antite piblik ki ap eksplwate yon sèvis transpò pou piblik la an jeneral, epi ki gen itinerè fiks, bay yon sèvis transpò konplemantè ki adapte ak moun ki pa kapab itilize sistèm itinerè fiks la poukont yo. DTPW a bay yon sèvis Transpò pataje pou moun sètifye epi ki kalifye pou Transpò ADA. Yon aplikasyon ki te mande pou w egzamine epi siyen fòm sa a ap mande pou DTPW konsidere li antanke moun ki kalifye pou sèvis transpò ki adapte. Fòm aplikasyon sa a ap ede DTPW a pou evalye kilè epi nan ki sikonstans aplikasyon an kapab itilize sèvis Metrobus, Metrorail, oswa Metromover yo poukont li epi kilè aplikasyon an bezwen sèvis transpò ki adapte.

Sèvis transpò pataje STS la fèt sèlman pou trajè moun nan pa kapab fè nan sistèm Metrobus/Metrorail/Metromover a.

#### **LIY DIREKTIV ADA:**

Yo dwe evalye aplikan yo, epi kalifikasyon yo dwe baze sou kapasite fonksyonèl yo pou itilize transpò piblik konvansyonèl yo: Metrobus, Metrorail, ak Metromover. Nan enkapasite fonksyonèl pou itilize transpò piblik yo, gen direktiv ADA ki dekri anba a:

1. Moun nan pa kapab, akoz yon andikap fizik oswa mantal (*san wete yon pwoblèm pou wè*), epi san èd yon lòt moun, (*eksepte yon operatè pou elevatè chèn woulant oswa lòt aparèy pou anbake*), monte, deplase, oswa desann nan yon bis, veyikil sou ray ki aksesib.
2. Moun nan bezwen èd yon elevatè chèn woulant oswa lòt aparèy pou ede li monte, epi li kapab, grasa èd sa a, monte, deplase, epi desann yon veyikil transpò piblik ki aksesib.
3. Moun nan gen yon maladi defisyans byen presi ki anpeche li vwayaje ale retou nan oswa apati: Metrobus; Metrorail; ak/oswa arè/estasyon Metromover.

#### **REPREZANTAN MEDIKAL**

Yon fason pou trete demann aplikan an fè pou li vin yon itilizatè STS ki kalifye, nou egzije pou li ranpli epi siyen seksyon verifikasyon medikal ki nan fòm sa a, pou nou kapab akselere detèminasyon STS pou aplikan an. Tanpri, atache rezilta medikal sible yo, ki jistifye andikap la. Men kèk egzanp:

**Elektwo-ansefalogram (Electroencephalogram, EEG) oswa Evalyasyon Newo-sikolojik avèk Kosyan Entelijans Konplè (Full-Scale Intelligence Quotient, FSIQ), Snellen (pèsplikasite vizyèl) ak/oswa Kat Perimèt (chan vizyon) Rapò(yo),  
Rezilta Western Blot Elisa ki edike nonb CD4 +,  
Rezilta Radyografi, IRM oswa eskanè tomodynamometri (computerized axial tomography, CAT),  
Respiratwa Kapasite Vital Fòse (Forced Vital Capacity, FV)/ Volim Ekspiratwa Fòse (Forced Expiratory Volume, FEV1)**



**SÈVIS TRANPÒ ESPESYAL (STS)  
FÒM DEMANN LAN**

**I. SEKSYON APLIKAN:**

Nimewo Sekirite Sosyal (9 chif) \_\_\_\_ - \_\_\_\_ - \_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

Sèks: [ ] Gason [ ] Fi

Resevwa Medicaid: ( ) Wi ( ) Non Apati dat: \_\_\_\_\_ # Medicaid: \_\_\_\_ - \_\_\_\_ - \_\_\_\_

Siyati: \_\_\_\_\_ Prenon: \_\_\_\_\_ Inisyal Dezyèm Prenon: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_ # Apatman: \_\_ Vil: \_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Telefòn Adomisil: ( ) \_\_\_\_\_ Adrès imel: \_\_\_\_\_

**KONTAK SI GEN IJANS:**

Non: \_\_\_\_\_ Relasyon: \_\_\_\_\_ Telefòn: ( ) \_\_\_\_\_

Si yon moun te ede kliyan an ranpli fòm sa a:

Non: \_\_\_\_\_ Relasyon: \_\_\_\_\_ Telefòn: ( ) \_\_\_\_\_

**ORIJIN ETNIK:** (*pou estatistik sèlman, se si w vle*)

[ ] Blan ki Pa Ispanik [ ] Nwa ki Pa Ispanik [ ] Ispanik [ ] lòt (*presize*): \_\_\_\_\_

Si w bezwen jwenn enfòmasyon nan yon fòma ki aksesib, tanpri, presize sa: \_\_\_\_\_

**II. PATAJ ENFÒMASYON APLIKAN AN:**

Enfòmasyon ki vin apre yo nesèsè pou detèmine kilè epi nan ki sikonstans aplikan an kapab itilize sèvis Metrobus, Metrorail oswa Metromover Konte a, epi kilè STS, transpò pataje a, obligatwa. Mwen konprann yo ap kenbe enfòmasyon ki gen rapò ak andikap mwen ki nan demann sa a konfidansyèl, epi yo ap pataje li sèlman avèk pwofesyonèl ki enplike nan evalye kalifikasyon mwen. Mwen sètifye, selon tout sa mwen konprann, enfòmasyon ki nan fòm sa a se laverite epi yo kòrèk. Mwen konprann si mwen bay fo enfòmasyon oswa enfòmasyon pou twonpe moun, sa kapab lakoz yo re-egzamine kalifikasyon mwen, epi lakoz yo pousuiv mwen lajistis nan limit lwa Eta Florida a otorize sa. Sou baz dokiman sa a, mwen bay reprezantan medikal mwen an otorizasyon pou li pataje nenpòt ak tout enfòmasyon konsènan kondisyon medikal mwen Biwo Enskripsyon Sètifikasyon pou Transpò ki Adapte DTPW a egzije, nan objektif pou detèmine kalifikasyon mwen pou itilize STS.

Siyati Aplikan an: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_  
Si aplikan an pa kapab siyen fòm sa a, li kapab mande yon moun siyen epi sètifye nan non li.

Siyati pou aplikan an: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Non ak Lèt Detache: \_\_\_\_\_ Relasyon ak aplikan an: \_\_\_\_\_

**III. VERIFIKASYON MEDIKAL:** (pou yon Doktè ki gen Lisans nan Florida ranpli)

**\*\*\*Tanpri, bay prèv medikal detaye sou andikap la (yo)\*\*\***

**A.** Tanpri, dekri kalite ak nati andikap oswa envalidite aplikan an- kondisyon ki gen rapò ak sa (Tanpri, montre w presi otank posib). \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**B.** Èske andikap oswa eta sa a ki lye ak yon defisyans, modere oswa grav?

Wi  Non

**C.** Èske andikap sa a:  Pèmanan  Tanporè

Si li tanporè, tanpri bay dat yo: Soti: \_\_\_\_\_ Pou: \_\_\_\_\_

**D.** Èske aplikan sa a ap resevwa:  Radyoterapi/Chimyoterapi  Dyaliz

orè tretman oswa kantite tan li dire: \_\_\_\_\_ Soti: \_\_\_\_\_ Pou: \_\_\_\_\_

**E.** Èske medikaman kapab kontwole andikap sa a?  Wi  Non

Eksplike: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**F.** Selon dyagnostik ou fè ak opinyon medikal ou, èske aplikan an kapab fè nenpòt nan sa ki vin apre yo?

Itilize sistèm Bis la poukont li  Wi  Non

Mache pou ale nan arè bis la  Wi  Non

Ret tann bis la  Wi  Non

Monte bis la grasa yon ranp aksè oswa aparèy jenou pou bis  Wi  Non

Wè pano, arè ak pano sikilasyon bis yo  Wi  Non

Konprann fason pou itilize bis (tarif, oryantasyon nan sistèm nan)  Wi  Non

Transfere soti nan itinerè yon bis pou ale nan yon lòt, oswa nan  Wi  Non  
Metrorail/Metromover

Ki lòt limit ou kapab idantifye ki ap anpeche aplikan an itilize sèvis transpò piblik yo? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**G.** Éd pou Deplase:  Chèz woulant  Wòkè  Beki  Brètèl

Bèt ki Bay Éd  Baton  Okenn

Lòt: \_\_\_\_\_

Si li itilize chèz woulant  Manyèl  A motè  Eskoutè (twa (3)  
ki kalite: kawotchou)

H. Endike ki kalite sèvis transpò aplikan an mande, sou baz kapasite li genyen pou fonksyone:

Anbilatwa (bèlin/vàn ki gen mach)  Chèz Woulant (vàn ki gen elavatè)

J. Sou baz andikap aplikan an, èske ou rekòmande pou li mennen yon Asistan pou Swen Pèsonèl (PCA) nan chak vwayaj?  Wi  Non

**Politik DTPW se gen asirans yo respekte Lwa sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante a Lwa sou Pòtabilite ak Responsablite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) - 45CFR Pati 160 ak 164 Règ Konfidansyalite yo lè yo jwenn otorizasyon, si sa apwopriye, nan men kliyan an, yo ap itilize oswa pibliye Enfòmasyon Sante Pwoteje yo (Protected Health Information, PHI) pou nenpòt objektif Règ Medicaid Federal ak/oswa Règ Konfidansyalite yo pa otorize.**

**NOTE SA: Si w pa ajoute dokiman yo, sa ap lakoz gen reta nan pwosesis pou detèmine kalifikasyon an epi sa ap mande pou DTPW a kontakte biwo ou a pou jwenn dokiman enpòtan yo anvan yo pran yon desizyon.**

**Tanpri, ajoute dokiman medikal ki enpòtan yo (pa egzanp, evalyasyon, rezilta egzamen, nòt, rapò, elatriye) ki ap ede pou eksplike dyagnostik oswa limit ki nan kapasite anplikan genyen pou itilize Metrobus, Metrorail oswa Metromover poukont li.**

Piske mwen siyen fòm sa a, mwen rekonèt, selon tout sa mwen konnen, enfòmasyon ki nan fòm evalyasyon sa a egzak epi li kòrèk. Epitou, mwen sètifye mwen ajoute yon seri egzamen/dokiman medikal enpòtan ki kore deklarasyon ki anwo a. Mwen konprann si aplikan an bay fo enfòmasyon oswa enfòmasyon pou twonpe moun, sa kapab lakoz yo re-egzamine kalifikasyon aplikan an, epi lakoz yo pousuiv aplikan an lajistis nan limit lwa Eta Florida a otorize sa.

Wi, mwen te ajoute dokiman medikal ki obligatwa a.

Non ak lèt detache / Siyati Doktè a  Dat  Nimewo Lisans Eta Florida

Adrès Biwo Vil  Eta  Kòd Postal  Nimewo Telefòn:  Nimewo Faks: